

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Pangajaran mangrupa hiji prosés pikeun nyangking élmu pangaweruh anu mibanda hiji fungsi atawa udagan anu tangtu. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Danadibrata (2006, kc. 35), anu nétélakeun yén pangajaran bagian komunikasi dua arah antara guru jeung murid. Tujuan atikan nyaéta pikeun méré élmu pangaweruh jeung tarékah pikeun méré élmu pangaweruh jeung ngaronjatkeun kamampuh hiji jalma nu nyangkaruk dina dirina. Dina enas-enasna atikan mibanda tujuan pikeun matéakeun poténsi, ngaronjatkeun ajén diri, atawa poténsi anu dipibanda ku siswa. Diedrich (dina Hamalik, 2008, kc. 172-173) nétélakeun yén rupa-rupa kagiatan siswa dina pangajaran, nyaéta: *visual activities, oral activities, listening activities, writing activities, drawing activities, motor activities, mental activities, emotional activities* atawa bisa dihartikeun: kagiatan ningali, kagiatan nyarita, kagiatan mirengkeun, kagiatan nulis, jeung kagiatan ngagambar. Aktivitas motorik, aktivitas méntal jeung aktivitas émosional atawa bisa dicindekkeun nyaéta poténsi dina aspék kognitif, aféktif, jeung psikomotor. Ku kituna masalah dina dunya atikan perlu diperhatikeun dina enggoning ngaronjatkeun kualitas anapon kuantitasna éta sorangan. Satuluyna interaksi atawa komunikasi antara guru jeung murid kacida penting dina dunya atikan sabab ieu mangrupa hiji tarékah pikeun ngahontal udagan anu dipiharep. Guru anu teu bisa ngaronjatkeun pangajaran tangtu bakal mangaruhan kana hasil atawa *output* tina hiji pangajaran, hal ieu lantaran guru kurang maham kana kahayang siswa jeung kurang ngamekarkeun poténsi diri siswa dina lumangsungna pangajaran. Pikeun nyingkahan kurang mekarna pangajaran bisa disingkahan maké modél pangajaran anu bisa dipilih luyu jeung pangabutuh pangajaranana.

Pikeun nyingkahan kurangna motivasi siswa bisa ditarékahan ku salah sahiji modél pangajaran, anu bisa dipaké dina pangajaran nyaéta modél pangajaran démonstrasi. Modél pangajaran démonstrasi atawa *peragaan* mangrupa salah sahiji

stratégi ngajar pikeun guru mintonkeun média/barang asli, média/barang *tiruan*,
Singgih Riyadh Firdaus, 2019

MODÉL PANGAJARAN DÉMONSTRASI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH SISWA

MAHAM CARITA WAYANG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

atawa hiji prosés tina hiji matéri anu diajarkeun ka sakabéh siswa (Roestiyah, 2008, kc.231). Hal ieu ogé méré harti yén stratégi ngagunakeun modél pangajaran démonstrasi téh mangrupa hiji pidangan pangajaran anu mintonkeun hiji prosés kaayaan, atawa hiji matéri anu keur dipidangkeun di kelas ngagunakeun bentuk/pidangan matéri anu sabenerna atawa bentuk/pidangan matéri *tiruan* atawa anu lain sabenerna anu dipidangkeun ku guru atawa sumber pangajaran lianna anu bisa dipidangkeun ka sakabéh siswa.

Carita wayang dina pangajaran Basa Sunda kawilang kurang dipikawanoh ku siswa, lantaran siswa kurang maham kana eusi carita wayang, ieu mangrupa bangbaluh pikeun lumangsungna pangajaran anu dipangaruhan ku kurangna motivasi siswa pikeun diajar jeung maham kana carita wayang. Ngaliwatan modél pangajaran démonstrasi guru bisa matéakeun pangajaran carita wayang jeung ngawanohkeun carita wayang ngaliwatan pangajaran Basa Sunda di unggal sakola anu mangrupa salah sahiji tarékah anu kawilang éféktif.

Dina Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal ditétélakeun rumusan Kompténsi Dasar (Disdik Prov. Jabar, 2017, kc. 28)

Tabél 1.1
Kompeténsi Dasar

<i>KOMPETENSI DASAR 3</i>	<i>KOMPETENSI INTI 3 (PENGETAHUAN)</i>
<i>3.1. Menganalisis isi, struktur dan unsur kebahasaan teks bahasan tradisi Sunda.</i>	<i>3.2. Menganalisis isi, struktur, dan unsur kebahasaan petikan cerita wayang.</i>

Dumasar Kompeténsi Inti jeung Kompeténsi Dasar, indikator anu dihontal nya éta, siswa mampuh ngaanalisis eusi, struktur, jeung unsur kabasaan sempalan carita wayang.

Dina modél pangajaran démonstrasi siswa bakal leuwih aktif dina maham jeung mikawanoh carita wayang, sabab palaku dina carita wayang kagambar ngaliwatan wayang aslina atawa maké média visual, anapon ieu modél pangajaran bisa dirojong ngagunakeun *audio visual* ngaliwatan vidéo pagelaran wayang. Ku kituna siswa bakal leuwih nyangkem matéri ngeunaan carita wayang. Carita wayang bisa didémonstrasikeun ngaliwatan pintonan pagelaran wayang anu dipidangkeun ku

guruna atawa ku pamaréntah anu dihususkeun pikeun siswa contona baé pagelaran wayang anu diayakeun ku Pemkot Bandung pikeun kaweruh siswa, atawa siswa mintonkeun carita wayang ngaliwatan drama, sakumaha anu baris ditétélakeun ngeunaan modél pangajaran démonstrasi, siswa bakal bisa ngabayangkeun carita wayang dina kahirupanana jeung guru bakal babari nerangkeun atawa nétélakeun matéri carita wayang anu pohara hésé dipikaharti ku siswa.

Jadi bisa dicindekkeun yén modél pangajaran démonstrasi téh nyaéta modél pangajaran anu matéakeun kaparigelan siswa atawa guruna pikeun ngadémonstrasikeun pangajaran ngaliwatan bahan jeung alat atawa média anu luyu jeung kabutuhan pangajaran. Ku kituna, dipiharep modél pangajaran démonstrasi bisa dijadikeun modél alternatif pikeun ningkatkeun karep siswa kana maham carita wayang kalayan bisa ningkatkeun kamampuh jeung nyangking hasil nu nyugemakéun.

Panalungtikan ngeunaan nguji modél pangajaran démonstrasi dina pangajaran carita wayang téh can kungsi dilaksanakeun. Panalungtikan ngagunakeun modél jeung métode dina pangajaran carita wayang nu kungsi laksana nyaéta panalungtikan ngeunaan “Analisis Pagelaran Carita Wayang Golek Lalakon Dorna Gugur Giri Harja 3” nu dilaksanakeun ku Nano sutrisno. Ku kituna, nyoko kana sawatara masalah di luhur, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran carita wayang di SMA anu judulna “Modél Pangajaran Démonstrasi pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Maham Carita Wayang (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII-Ipa 1 SMA YAS Bandung Taun Ajar 2018-2019)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang masalah anu dipedar di luhur. Ieu panalungtikan diwatesanan, ngawengku sababaraha hal anu patali jeung modél pangajaran démonstrasi:

- 1) Héngkérna kaweruh siswa maham carita wayang.

- 2) Héngkérna daya cangkem siswa maham carita wayang anu dipedar dina pangajaran.
- 3) Kurangna inovasi guru dina matéakeun pangajaran carita wayang dina pangajaran Basa Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pertanyaan, nyaéta:

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas XII IPA 1 SMA YAS Bandung dina maham carita wayang saméméh diajar maké modél pangajaran démonstrasi?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas XII IPA 1 SMA YAS Bandung dina maham carita wayang sabada diajar maké modél pangajaran démonstrasi?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh saméméh jeung sabada siswa kelas XII IPA 1 SMA YAS Bandung dina maham carita wayang ngagunakeun pangajaran démonstrasi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan nu nulis tangtu mibanda tujuan tina sawatara hal anu kudu dihontal, di antarana:

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho éféktivitas modél pangajaran démonstrasi dina ngaronjatkeun kamampuh siswa maham carita wayang di SMA YAS Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana tujuan umum di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan husus nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa maham carita wayang di SMA YAS Bandung saméméh ngagunakeun modél démonstrasi.
- 2) kamampuh siswa maham carita wayang di SMA YAS Bandung sabada ngagunakeun modél démonstrasi.

3) béda anu signifikan antara kamampuh saméméh jeung sabada akhir siswa kelas XII IPA 1 SMA YAS Bandung dina maham carita wayang ngagunakeun pangajaran démonstrasi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré sumbangan matéri jeung inpormasi, ngeunaan métode pangajaran démonstrasi sarta pikeun milih modél pangajaran pikeun siswa dina maham carita wayang.

1.4.2 Mangpaat Praktis

1) Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikaweruh éféktifna modél pangajaran démonstrasi pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa maham kana carita wayang dina pagajaran Basa Sunda.

2) Pikeun anu Maca

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa nambahan wawasan jeung pangaweruh hususna ngeunaan modél pangajaran démonstrasi pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa maham kana carita wayang dina pangajaran Basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I eusina ngeunaan bubuka, anu medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori, nu ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél pangajaran démonstrasi, tiori carita wayang, tiori maham carita wayang, jeung anggapan dasar.

Bab III eusina ngeunaan métodé panalungtikan, medar sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pembahasan hasil panalungtikan, medar déskripsi, prak-prakan, jeung hasil data panalungtikan ngeunaan modél pangajaran démonstrasi pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa maham carita wayang

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun kamajuan panalungtikan ka hareupna.